

Èske w se yon manm MassHealth?

Lis sa a ap ede w itilize benefis ou yo.

☐ Katon didantite MassHealth

Asire ou montre katon didantite ou a nan tout randevou e nan tout famasi. Katon ou an ap vini pa lapòs yon ti tan apre w apwouve. Telefonnen n nan (800) 841-2900 (TDD/TTY: 711) si w pa resevwa katon w lan.




☐ Enskri pou MyServices

Pòtay nou an ki fasil pou itilize pèmèt ou wè benefis ou yo, wè ki enfòmasyon nou gendwa bezwen nan men w, epi wè e enprime katon didantite MassHealth ou a.



☐ Enskri nan yon plan asirans sante

Anpil manm ka enskri nan yon plan asirans sante pou yo ka jwenn swen sante kowòdone yo bezwen. Monte nan [MassHealthChoices.com](https://www.mass.gov/masshealthchoices) pou w jwenn yon plan ak yon doktè ki pre kote w la.



☐ Mete nou okouran de tout chanjman ki genyen

Enfòm n sou tout chanjman tankou adrès ou, travay ou, revni w, gwosès, elatriye, sou yon delè 10 jou pou w ka gen tout benefis ou kalifye pou yo. Ou ka siyale chanjman yo anliy nan [mahix.org](https://www.mass.gov/mahix), lè w sonnen nan (800) 841-2900 (TDD/TTY: 711), oubyen an pèsòn nan yon Sant Enskripsyon MassHealth (MEC).



☐ Katon yon plan asirans sante

Lè w enskri nan yon plan asirans sante, w ap resevwa tou yon katon didantite nan men yo. Montre katon plan asirans sante ou a avèk katon idantifikasyon MassHealth ou a nan randevou e nan famasi.



☐ Renouve benefis ou yo chak ane

MassHealth pral voye dokiman ba ou pou w renouve benefis ou yo chak 12 mwa. Si w pa gen anpil chanjman pandan ane a, MassHealth gendwa renouve benefis ou yo otomatikman.



Ou pa gen MassHealth?

Fè aplikasyon anliy, nan telefòn, pa lapòs, oubyen an pèsòn nan yon Sant Enskripsyon MassHealth (MEC) ki pre kote w ye a.

(800) 841-2900, TDD/TTY: 711

[Mass.gov/MassHealth](https://www.mass.gov/masshealth)

